



Resolution No. 3

Resolution of the Charter Revision Commission to allow remote participation by Commissioners with an extraordinary circumstance.

ALÒSKE, daprè seksyon 103-a Lwa sou Fonksyonè Piblik yo (Public Officers Law), Komisyon Revizyon Konstitisyon an (“Komisyon an” apre sa) te fè yon reyinyon piblik nan dat 7 janvye 2025 la, kote li te konsidere adopsyon yon rezolisyón pou pèmèt sèten itilizasyon videokonferans pou fè reyinyon li yo daprè egzijans Atik 7 Lwa sou Fonksyonè Piblik yo (yo rele tou Lwa Reyinyon Ouvè); epi

ALÒSKE patisipasyon adistans nan reyinyon Komisyon yo ofri fleksibilite pou Manm Komisyon yo epi benefisyé piblik la paske li pèmèt plis patisipasyon nan pwosesis reyinyon an.

Kidonk, kounye a li DESIDE ke itilizasyon limite videyokonferans pou fè reyinyon Komisyon an otorize an konfòmitez ak egzijans Lwa sou Reyinyon Ouvè a ansanm ak Rezolisyón sa a;

KE yon kantite minimòm Manm Komisyon, ase pou konstitye yon kowòm nan Komisyon an, dwe preznan nan yon kote fizik oswa kote piblik la ka patisipe an pèsòn; epi

KE, lè yon kowòm Manm Komisyon ki preznan fizikman nan yon reyinyon Komisyon an kote piblik la ka asiste an pèsòn, nenpòt Manm Komisyon ki pa nesesè pou satisfè egzijans kowòm Komisyon an ka itlize videokonferans pou patisipe nan reyinyon sa a apati de nenpòt lokal, epi san yo pa bay piblik la aksè a lokal sa a, si Manm Komisyon sa a pa kapab patisipe nan reyinyon an fizikman akòz yon andikap oswa sikontans ekstraòdinè tankou maladi, responsablite fanmi, ak tout lòt evènman enpòtan oswa inatandi ki anpeche Manm Komisyon a preznan fizikman nan reyinyon sa a; epi

KE manm nan piblik dwe kapab wè, tandem ak idantifye yon Manm Komisyon k ap itilize videokonferans pou patisipe nan yon reyinyon pandan pati ouvè reyinyon sa a ap fèt, sof lè Komisyon an nan sesyon egzekitif la; epi

KE tout Manm Komisyon ki vle itilize videokonferans pou patisipe nan yon reyinyon Komisyon an dwe, anvan reyinyon sa a, enfòme Direktè Egzekitif la de entansyon Manm Komisyon an epi jwenn konsantman li pou sa; epi

KE lè yon Manm Komisyón, daprè rezolisyón sa a, itilize videokonferans pou patisipe nan yon reyinyon Komisyón an apati de yon lokal ki pa ouvè a piblik la akòz yon andikap oswa sikonsans ekstraòdinè, Komisyón an dwe bay manm piblik opòtinite pou la gade reyinyon sa a nan video epi itilize videyokonferans pou patisipe nan deliberasyon yo an tan reyèl kote kòmantè piblik oswa patisipasyon otorize; Epi

KE otorizasyon ki dekri nan Rezolisyon sa a aplikab tou pou reyinyon tout komite oswa sou-komite Komisyón an. Rezolisyon sa a ap antre an vigè jou 8 janvye 2025 la.

Date: 7 janvye 2025